



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/31/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOCHEN ETAP NAN PLAN POU BATI SKYWALK HUDSON RIVER

Nouvo santye SkyWalk pral relye de sit istorik nan Hudson River

Yo pral itilize lajan sibvansyon an pou finanse yon etid fezabilite; Planifye ak konsepsyon pou nouvo pwojè

Gouvènè Andrew Cuomo jodia te anonse pwochen etap ke yo te pran nan pwosesis pou bati Hudson River SkyWalk, yon santye senik pou pyeton ki relye de sit istorik nan Hudson River. Yon sibvansyon \$124,000 ke Depatman Eta te jere grasa Pwogram Revitalizasyon Local Waterfront pral itilize pou peye pou planifikasyon ak konsepsyon SkyWalk, ansanm avèk pou devlope yon etid sou enpak ekonomik pwojè a.

“Bote Hudson River Valley etènèl e pwojè sa pral chita sou enpòtans istorik ak kiltirèl, natirèl rejyon an,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo santye SkyWalk la pral bay vizitè ansanm avèk rezidan yo opòtinite inik pou eksperimente bote natirèl san parèy, pandan nap aprann sou istwa e avèk finansman sa, nap pran yon etap enpòtan nan direksyon pou fè pwojè sa vini yon reyalyte.”

Nouvo SkyWalk la pral gen ladan santye ki adapte avèk pyeton sou Pon Rip Van Winkle ki pral relye sit istorik Olana State nan vil Greenport, pou rive nan sit istorik Thomas Cole National nan vilaj Catskill. NYS Bridge Authority ap finanse renovasyon Pon Rip Van Winkle kòm yon pati nan pwogram kapital sa sou plan investisman enfrastrikti Gouvènè Cuomo nan tout eta.

Nan kad inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Gouvènè a, yo te bay \$124,000 nan Konte Greene grasa Pwogram Revitalizasyon Waterfront Lokal Depatman Deta NYS, Finansman Konsolide NYS, pou devlope yon konsepsyon konplè, maketing ak etid sou enpak ekonomik pwojè a. Depi etid yo fini, pwojè a ap kalifye pou aplike pou pwochen wonn finansman REDC pou finanse konstriksyon pwojè Skywalk la.

“Depatman Eta kontinye travay avèk minisipalite yo grasa sibvansyon revitalizasyon waterfront pou kreye kominote ki pi dinamik ak kominote ki devlope ekonomikman,” **te deklare Sekretè Deta pa entèrim Rossana Rosado.** “Nou pral kontinye bati kalite patenarya sa pou ede pote devlopman avèk pwojè tankou Hudson River SkyWalk pou atire opòtinite touris ak ekonomik nan Eta New York.”

Sibvansyon Revitalizasyon Waterfront pral itilize pou entegre pwojè Pon Authority sidewalk an yon plan ki pi laj ki pral kondwi nan pi gwo opòtinite ekonomik, ogmante touris ak pi bon aksè nan de sit istorik yo.

Yon pwojè \$5.4 milyon pou ranplase twotwa ak ray sou Pon Rip Van Winkle aktyèlman ankou. Travay ray la prevwa pou l kòmanse nan ete 2016 e travay ranplasman twotwa a prevwa pou l kòmanse nan otòn 2016. NYSBA ap finanse pwojè ranplasman twotwa ak ray la.

Thomas Cole House ak Legliz Frederic Olana

Thomas Cole (1801 - 1848) te yon atis ki rekoni entènasyonalman e yo rekonèt li jeneralman kòm fondatè Lekòl Hudson River.

Frederick Church (1826-1900) te vini sèl elvè Cole nan 1844. Olana se legliz kay ak estidyo 19yèm syèk. Plas istorik 250 kawotè a prezante yon karakteristik anbeli, Pèsyèn ki enspire chatò ki ranpli avèk desen orijinal, etid ak penti pa youn nan atis ki pi selèb nan 19yèm syèk la.

Olana se yon sit istorik Eta New York pa Depatman Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York. Olana Partnership sipòte tou Olana, yon kòporasyon edikasyon prive a bi non likratif.

Thomas Cole House, ki konnen tankou Cedar Grove, se yon moniman istorik nasyonal e Sosyete Istorik Konte Greene posede l.

Depatman Devlopman Ekonomik Konte Greene, Touris ak planifiaksyon ap travay an kolaborasyon avèk Vil Greenport, Vilaj Catskill, Konte Columbia, Scenic Hudson, Columbia Memorial Health (kòm yon pwomotè prive) ak gwoup konsèvasyon ak prezèvasyon pou devlope plan an.

NYS DOT an diskisyon egalman osijè yon pasaj pyeton nan wout eta 23 ak 9G.

Direktè Egzekitif Bridge Authority Joseph Ruggiero te deklare, “Sipò Gouvènè Cuomo pral ede fè pwojè sa vini yon siksè pou tout rejyon Catskill-Hudson. Bridge Authority travay men nan men avèk gwoup park ak konsèvasyon nan tout pon yo, SkyWalk kapab youn nan pwen fò nou. ”

Senatè George Amedore te deklare, “Pwojè sa enteresan pou rezidan ansanm avèk vizitè yo, kòm li etabli yon koneksyon enpòtan ant de sit istorik yo ki jwe yon wòl nan kilti art rich nan zòn lan. Li pral ede stimile devlopman ekonomik, e anmenmtan, bay yon opòtinite amelyore pou touris ak rezidan lokal yo pou eksperimante istwa ak bote natirèl rejyon an.”

Manm Asanble Peter D. Lopez te deklare, “Ranfòse koneksyon enterè touris nan rejyon an, pandan egalman lap amelyore kalite lavi, se yon gwo priyorite pou mwen. “Administrasyon mwen an te pouswiv regilyèman envestisman menm jan pou kominote

lokal yo nan kowòdone rekonstriksyon otowout eta avèk investisman main street. Pwojè sa se yon apwòch bon sans e nou kontan pou nou kòmanse travay avèk Bridge Authority pou wè li ale delavan.”

Kevin Lewis, Prezidan Lejislati Konte Greene te deklare, “Pwojè Skywalk la pral pote nouvo vizitè nan konte Greene ak Columbia bay yon opòtinite pou sipòte sit istorik Nasyonal Thomas Cole ansanm avèk sit istorik Olana State pou avanse plas nesans Lekòl Atistik Hudson River.”

Sean E. Sawyer, Prezidan, The Olana Partnership te deklare, “Patenarya Olana kontan anpil paske planifikasyon pou pwojè Rip Van Winkle Skywalk la ankou. Pwojè sa pral fè yon koneksyon dirèk pou pyeton ant Olana ak Thomas Cole House, rann li posib pou vizitè ansanm avèk rezidan yo pou eksperimente aktivman kèk nan pi bon ak pi bèl peyizaj ki pi enpòtan nan peyi a, kote jesyon an se yon pati enpòtan nan travay nou.”

Betsy Jacks, Direktè Egzekitif, Thomas Cole Sit Istori Nasyonal, te deklare, “Pwojè Hudson River Skywalk se yon delvopman ki enteresan anpil sou plizyè nivo: yon bèl panorama, yon eksperyans ki konekte de sit istorik enpòtan – Sit istorik Nasyonal Thomas Cole ak Olana – ansanm avèk anpil patnè piblik ak prive ki ini dèyè l. Mwen frape pa fason “pave sou Hudson” nan Poughkeepsie te konsiderableman ogmante aktivite ekonomik isit la, depase tout atant elve yo, e nou la avèk pwòp pave nou an. Se yon atou enkwayab pou kominote lokal ansanm avèk vizitè yo.”

Ned Sullivan, Prezidan Senik Hudson, te deklare, “Skywalk la se yon opòtinite ekstra-òdinè pou konekte kay ak estidyo de atis pyonye ak jeyografi nan konte Columbia ak Green. Pwojè kolaboratif sa, ki enplike Gouvènè Cuomo, NYS Bridge Authority ansanm avèk plizyè moun ak òganizasyon, pral kreye yon chemen aspiran nan Hudson, pandan lap ranfòse ekonomi rejyon an.”

Prezidan ak PDG Columbia Memorial Health Jay P. Cahalan te deklare, “Pon Rip Van Winkle alafwa yon lyen emosyonèl ak striktirèl ant moun konte Columbia ak Greene. Li relye youn ak lòt epi fè nou vini yon sèl kominote, e fondasyon chak kominote se bòn sante. Columbia Memorial Health toutfw fyè anpil pou l fè patenarya avèk Gouvènè Andrew Cuomo, lidè lokal ak eta, New York State Bridge Authority, Olana ansanm avèk Thomas Cole House pou ede Skywalk pran vòl, ajoute yon lòt eleman nan bote ak eritaj rejyon nou an.”

Lekòl Hudson River

Kreye nan mitan 19yèm syèk la, Lekòl Hudson River a santre sou peyizaj nan Hudson River Valley ansanm avèk mòn Catskills ak Adirondack.

Anplis de Cole ak Church, remake atis Lekòl Hudson River sa ki gen ladan John Frederick Kensett, ak Sanford Robinson Gifford. Travay atistik Cole, Church ansanm avèk lòt atis nan Lekòl Hudson River ap kwoke nan mize ansanm avèk galri da toupatou nan mond lan.

New York State Bridge Authority

Otorite Pon NYS jere Bear Mountain, Newburgh-Beacon, Mid-Hudson, Kingston-Rhinecliff ak pon Rip Van Winkle e li posede ak antreteni strikti pave a sou Pon Hudson.

Otorite a finanse prensipalman apati pon ak tòll e li pa resevwa lajan eta oswa taks federal pou antretyen ak operasyon pon.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl ki disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418